

POU: Komite Lekòl Boston
Moun Ki Voye li: Delavern Stanislaus, Chèf Planifikasyon Kapital la
CC: Mary Skipper, Sirentandan
Sam Depina, Sirentandan Adjwen Operasyon yo
Rebecca Grainger, Konseye Adjwen Majistra sou Jenès ak Lekòl
DAT: 26 Avril 2023
Konsènan: Pwopozisyon School Merger yo: Shaw ak Taylor

Shaw ak Taylor	1
Apèsi Kominotè Lekòl yo	1
Pauline A Shaw Elementary	1
Charles H Taylor School	3
Pwopozisyon an	4
Kòman yo pi byen sèvi kominote lekòl yo aprè fizyon yo?	5
Analiz demografik yon lekòl ki fizyone	7
Deklarasyon Enterè MSBA yo	10
Pwosesis la	10
Ekip Dizay	10

Shaw ak Taylor

Apèsi Kominotè Lekòl yo

Pauline A Shaw Elementary

Shaw sitiye nan 429 Norfolk St epi ap sèvi aktyèlman elèv yo nan klas K0 jiska 4. Nan Ane Lekòl 2023-2024, Shaw prevwa elimine yon salklas dezyèm ane nan objektif pou kreye yon salklas senkyèm ane, ki pèmèt elèv katriyèm ane aktyèl yo kontinye aprann nan batiman an. Pou Ane Lekòl 2023-2024, Shaw pral gen yon total 12 salklas: yon salklas ti anfans K0/K1 ki sansibleman separe; de salklas kote yo chak nan klas K1, K2, 1, ak 3; ak youn salklas nan 2èm, 4èm, ak 5èm ane. Apa salklas ti anfans yo, tout lòt salklas yo se ansèyman jeneral sèlman. Nan Ane Lekòl 2022-2023, enskripsyon Shaw se 187 elèv. An mwayèn, salklas yo aktyèlman sou-enskri: soti 2018 rive 2022, enskripsyon total nan Shaw te redwi pa 40%. Sa pèmèt Shaw ouvri yon salklas 4èm ane nan Ane Lekòl 2022-2023 epi pral pèmèt Shaw ouvri salklas 5èm ane a nan Ane Lekòl 2023-2024 la.

P.A. Shaw Elementary (4670)
SY2324 Configuration Map
(12 Classrooms)

GEN/INC:11		SUBSEP:1	
Grade	5	GEN 23	1
	4	GEN 23	
	3	GEN 23	GEN 23
	2	GEN 22	
	1	GEN 22	GEN 22
	K2	GEN 22	GEN 22
	K1	GEN 20	GEN 20
	K0		
			ECH 9
TOT		GEN 11 Classes 242 GEN cap	ECH 1 Class 9 ECH cap

KLE

GEN = nan salklas edikasyon jeneral

ECH = klas ti anfans sansibleman
separe

Malgre tandans enskripsyon sa yo, Shaw kontinye fè fas ak divès kontrent espas fizik ki rann li difisil pou lekòl la adopte gam pwogram konplè ke BPS prevwa pou tout lekòl primè li yo. Pa egzanp, yo te konvèti plizyè sou-sòl pou sèvi kòm jimnaz, espas pèsonèl la, ak biwo pou travayè sosyal la ak divès sèvis ki gen rapò. Shaw manke divès espas pou rasanbleman santral tankou yon oditoryòm oubyen yon bibliyotèk a sèvis konplè oubyen yon sant medyatik, menm jan tou divès espas pou fasilite kolaborasyon edikatè ak angajman fanmi yo. Pa egzanp, pandan genyen yon sal ki nan premye etap la ki itilize aktyèlman pa liyezon fanmi lekòl la, liyezon sa pral deplase ane pwochèn pou akeyi ajou Catie's Closet. Genyen yon ti espas travay pou pèsonèl yo nan sou-sòl la, men li piti, sou-italize, epi pa ekipe pou favorize kolaborasyon efikas pwofesè yo. Shaw pa genyen tou espas pou kreye divès zòn ki dedye pou ègoterapi oubyen fizyoterapi, ni sal sansoryèl pou soutni enklizyon pou elèv ki gen pwoblèm sansoryèl yo. Genyen espas ki limite tou pou sèvis retrè yo pou elèv yo; pa egzanp, enstriktè ESL yo souvan itilize koulwa yo ak sal kopi a pou travay avèk elèv yo pou kont yo. Paske Shaw ap itilize chak espas ki disponib, li pa t ap an mezi pou elaji pou desèvi yon kò elèv depi nan matènèl rive nan 6èm ane san plafonnen atifisyèlman enskripsyon yo, elimine salklas yo epi vin yon lekòl ki antyèman yon sèl faz.

Charles H Taylor School

Lokalizasyon nan 1060 Morton Street, Taylor ap sèvi elèv ki nan klas K0 jiska 6. Nan Ane Lekòl 2023-24, Taylor pral gen yon total 27 salklas: yon faz (K0 jiska 6) salklas enklizyon, yon faz (K2-6) nan salklas ansèyman jeneral, yon faz (K1-6) salklas Imèsyon Anglè Pwoteje (SEI) pou elèv ki se lokitè kreyòl ayisyen, yon faz (3-6) pou elèv multileng nan Pwogram Elèv Ki Gen yon Edikasyon Fòmèl Limite oubyen Entewonp (SLIFE), ak de (2) salklas ki esansyèlman separe (K2-2 ak 4-6) pou elèv ki gen yon defisyan entèlektyèl. Nan Ane Lekòl 2022-2023, Taylor gen yon enskripsyon total 358 elèv. Like the Shaw, the Taylor's total enrollment has seen a persistent decline, falling by 43% since 2018. Taylor konfwonte toutfw ak divès kontrent espas fizik ki rann li difisil kenbe yon espas apwopriye pou sèvis retrè yo, espesyalis yo, kolaborasyon edikatè, ak angajman fanmi ak divès patenarya.

Taylor globalman pi gran ke Shaw, men li pa gwo ase pou kenbe avèk efikasite pwogram divèsifye sa avèk tout espas oksilyè li bezwen yo. Plizyè espas sou-sòl te konvèti pou ofri yon gam pwogram ak sèvis pi konplè ak elèv li yo. Pa egzanp, pou adapte ak ansanm volè SEI Kreyòl Ayisyen, Taylor te konvèti an yon ti espas sou-sòl pou sèvi kòm yon salklas SEI 3èm ane. Yo te konvèti tou espas sou-sòl yo pou itilize pou sèvis edikasyon espesyal yo, ki gen ladan yo òtòfonis, ègoterapet, ak fizyoterapet; pwogram anrichisman matematik; ansèyman edikasyon fizik; ak kòm yon bibliyotèk. Espas sa yo jeneralman twò piti epi pa ekipe pou ranpli plèman fonksyon pa yo; pa egzanp, jimnazyòm lan pa kapab ofri yon gam konplè opòtinite ansèyman fizik, tankou divès espò an ekip òganize, an patikilye pou elèv primè ki pi gran yo. Taylor manke tou divès espas pou rasanbleman santral tankou yon oditoryòm, jimnazyòm konplè, oubyen yon bibliyotèk a sèvis konplè oubyen yon sant medyatik, menm jan tou divès espas fleksib tankou divès sal reyinyon pou fasilite divès patenarya ekstèn ak yon enplikasyon fanmi ki pi pwofon.

**Taylor Elementary (4151)
SY2324 Configuration Map
(27 Classrooms)**

	GEN/INC:15		ELL:10		SUBSEP:2	
Grade	INCL	GEN	BIM	BLH		
6	INCL GEN: 15 INCL: 05	GEN 25	BIM BIM: 10 BIM: 05	BLH 20		
5	INCL GEN: 15 INCL: 05	GEN 23		BLH 20	II 12	
4	INCL GEN: 15 INCL: 05	GEN 23	BIM BIM: 10 BIM: 05	BLH 20		
3	INCL GEN: 15 INCL: 05	GEN 23		BLH 20		
2	INCL GEN: 15 INCL: 05	GEN 22		BLH 20		
1	INCL GEN: 15 INCL: 05	GEN 22		BLH 20	II 12	
K2	INCL GEN: 15 INCL: 05	GEN 22		BLH 22		
K1				BLH-GE BLH: 12 GEN: 05		
K0	INCL GEN: 9 INCL: 6					
TOT	INCL 8 Classes 110 GEN cap 66 INCL cap	GEN 7 Classes 160 GEN cap	BLH 7 Classes 142 BLH cap	BIM 2 Classes 20 BIM cap 10 GEN cap	BLH-GE 1 Class 12 BLH cap 60 GEN cap	II 2 Classes 24 II cap

KLE

INCL = salklas enklizyon

GEN = nan salklas edikasyon jeneral

BIM = salklas SLIFE miltileng

BLH = salklas SEI kreyòl ayisyen

II = saldklas ki sibstansyèlman separe pou elèv ki genyen defisyans entèlektyèl yo

Pwopozisyon an

Nou ap pwopoze pou konbine Shaw ak Taylor an yon kominote lekòl senp, de (2) kanpous k ap desèvi klas K0-6, kòmansman Ane Lekòl 2024-2025 lan. Batiman Shaw la t ap sèvi elèv ki nan klas ki pi piti, pandan batiman Taylor a t ap sèvi elèv ki nan pi gwo klas yo.

Konfigirasyon sa t ap pèmèt lekòl la konsantre sou divès resous espesifik pou jèn aprenan yo nan batiman Shaw la, nan benefisye divès pwogram, devlopman pwofesyonèl ak ankadreman Depatman Ti Anfans BPS.

Konfigirasyon egzak klas yo nan chak batiman pral depann de plan lekòl konbine a pou aplikasyon enklizyon an. Si pwopozisyon fizyon sa apwouve pa Komite Lekòl la, Shaw ak Taylor pral fòme yon Ekip Planifikasyon Enklizyon konjwen nan Lete 2023 pou devlope yon plan ak yon kalandriye pou edike tout elèv yo nan kad ki mwens restriktif la. Lè nou finalize ki prevwa, plan sa pral endike regwoupman nivo ak pwogram ki plis apwopriye nan chak de (2) batiman yo.

Kat konfigirasyon anba sipoze ke konbinezon de (2) lekòl yo pral pèmèt regwoupman sal klas ansèyman jeneral yo, sa ki pral antrene rediksyon de (2) salklas sou de (2) kanpous yo.

Ekip Planifikasyon Enklizyon an pral ede idantifye si genyen posibilite pou konsolide anplis divès salklas, ki kondwi nan divès salklas ki pi konplè menm jan tou yon espas fizik adisyonèl nan chak batiman ki kapab itilize pou sèvis anrichisman oubyen sipò yo.

Shaw Taylor Configuration Map for SY2425

Classroom Count = 37; Total Capacity = 761

6	INCL 20	Gen ED 28	GEN ED 28	BLH 20	BIM 15	II 8	
5	INCL 20	Gen ED 25	GEN ED 25	BLH 20			
4	INCL 20	Gen ED 25	GEN ED 25	BLH 20	BIM 15		
3	INCL 20	Gen ED 25	GEN ED 25	BLH 20		II 12	
2	INCL 20	Gen ED 22	GEN ED 22	BLH 20			
1	INCL 20	Gen ED 22	GEN ED 22	BLH 20			
K2	INCL 20	Gen ED 22	GEN ED 22	BLH 20			
K1	INCL 20	Gen ED 22	GEN ED 22	BLH 20			ECH 9
K0							

KLE

INCL = salklas enklizyon

GEN = nan salklas edikasyon jeneral

BIM = salklas SLIFE miltileng

BLH = salklas SEI kreyòl ayisyen

II = saldklas ki sibstansyèlman separe pou elèv ki genyen defisyans entèlektyèl yo

Kòman yo pi byen sèvi kominote lekòl yo aprè fizyon yo?

Fizyon sa se yon etap vè kreyasyon yon distri ki pi enklizif, estab, ak dirab, men ki nan avantaj tou kominote aktyèl Shaw ak Taylor yo:

Espas Fizik: Fizyon sa t ap konsolide kèk salklas edikasyon jeneral, ki antrene omwen (2) klas an mwens nan de (2) batiman yo. Kominote lekòl la pral jwenn opòtinite pou deside kòman pou pi byen itilize espas ki nouvoelman disponib sa - pa egzanp, antan ke yon sal resous pou ansèyman endividyalize oubyen an ti gwoup, oubyen yon sal “refwadisman” pou elèv yo dekonprese avan yo retounen nan salklas la.

Plan Kapital Ane Fiskal 2024-2028 la – aktyèlman sou etid pa Konsèy Minisipal Boston lan – ki gen ladan l 11,8\$ milyon pou modènize enstalasyon BPS yo nan Distri a pou fasilite rekonfigirasyon klas yo. Nan dewoulman Ane Lekòl 2023-2024, nou pral travay avèk kominote Shaw ak Taylor yo pou idantifye divès amelyorasyon ki alafwa fè enpak ak pratik pou Ane Lekòl 2024-2025 lan. Sou baz konvèzasyon nan kominote a jiska prezan, nou kwè divès pwojè posib kapab gen ladan yo:

- Amelyorasyon espas edikasyon fizik la (kouvèti tiyo ki ekspozè a, penti, elatriye) ak divès amelyorasyon nan espas kolaborasyon pèsònèl la nan Batiman Shaw la
- Nouvo mèb nan bibliyotèk la, divès amelyorasyon nan espas lwazi deyò a, ak divès amelyorasyon nan espas kolaborasyon ak pèsònèl la nan Batiman Taylor la.

Enskripsyon ak Bidjè yo: Fizyone Lekòl Shaw ak Taylor yo pral kreye divès salklas ki pi konplè nan de (2) batiman yo, sa ki pral antrene yon finansman ki pi estab. Nan ane lekòl aktyèl la, genyen 192 plas ki ouvri nan toude lekòl yo – swa plis pase yon tyè kantite total enskripsyon ki konbine.

	P.A Shaw			Taylor		
	Capacity	Enrollment*	Open Seats	Capacity	Enrollment*	Open Seats
SY2021	235	163	72	499	331	168
SY2122	235	157	78	499	323	176
SY2223***	215**	187	28	539	375	164

*December Enrollment

**True SY2223 capacity at the Shaw is 260, but we are capping grades 1 and 4 so they can expand to grade 5 next year.

*** Taylor added grade 6 in SY2223 . P.A Shaw added grade 4 in SY2223 and will expand to grade 5 in SY2324

Depi Ane Fiskal 2022 a, BPS te depanse 733 477\$ nan aterisaj an dousè oubyen nan fon inofansif Shaw, ak 1 882 275\$ nan Taylor, ki soulaje enpak bès konstan nan enskripsyon yo. Kenbe finansman inofansif la te pèmèt Shaw ak Taylor to prezève sèvis yo ak sipò pou elèv yo san yo pa gen yon rega kritik sou kantite salklas yo oubyen kapasite global lekòl la. Konbinezon lekòl yo ak regwoupman salklas yo pral pèmèt pou redirije resous plas vid yo nan salklas yo vè investisman ki fè yon diferans pou elèv yo, aliye sou priyorite fondamantal yo, ki gen ladan yo pratik edikatif enklizif, edikasyon miltileng ak miltikiltirèl, literasi ekitab, travay sosyal, jistis restoratif, ak sante mantal, ak angajman fanmi ak kominotè.

Detèmine bidjè yon Lekòl Shaw-Taylor konbine pral depann de desizyon ki pran nan kesyon pwogram ak dotasyon an pèsònèl pandan tout pwosesis planifikasyon an pandan Ane Lekòl 2023-2024 la. Nan yon minimòm, redwi kantite salklas nan edikasyon jeneral pa de (2) pral antrene divès ekonomi anviwon 310 000\$. Nou te angaje bò kote Shaw ak Taylor pou nou prezève fon sa yo nan objektif pou yo reenvesti nan de (2) kominote.

BPS nan mitan yon chanjman global nan fason n ap jere bidjè nou an pou dirabilite alontèm ak enpak sou elèv yo. Pandan n ap aplike yon investisman plizyè ane 50\$ milyon nan enklizyon nan Ane Lekòl 2023-2024 la, fizyone Lekòl Shaw ak Taylor pral kreye yon bidjè debaz estab ki akse sou priyorite pedagogik ak pwogramatik prensipal distri a nan Ane Fiskal 2024-2025 ak odela.

Dotasyon pèsònèl: Rediksyon kantite salklas yo nan yon lekòl konbine pral ede asire ke tout elèv yo jwenn ansèyman nan men pwofesè ki gen lisans apwopriye pou anseye divès elèv ak kou patikilye. Konsolidasyon salklas yo pral abòde tou pòs pwofesè ki vid yo ki te afekte Distri

a an jeneral. Shaw te kòmanse Ane Lekòl 2022-23 avèk 17 plas vid, epi Taylor te kòmanse ane a avèk 37.

Lekòl konbine a pral kontinye genyen yon enfimyè nan chak batiman, ak alokasyon sikològ eskolè ak travayè sosyal pral kontinye baze sou bezwen elèv yo. Politik BPS se pou ofri yon liyezon fanmi nan chak lekòl, men nou te angaje pou kenbe de liyezon fanmi pou kominote lekòl konbine a omwen jiska fen Ane Lekòl 2024-2025 lan.

Pwogramasyon: Fizyon sa t ap konbine yon ti lekòl ansèyman jeneral esansyèlman ak yon sèl volè avèk yon lekòl ki pi gwo ak pi enklizif avèk yon pwogramasyon ki pi divèsifye. Yon Lekòl Shaw-Taylor konbine t ap sèvi elèv ki nan klas matènèl rive nan 6èm ane, avèk plizyè salklas nan chak klas ak plizyè volè pwogram akademik. Sa kreye ogmantasyon divès opòtinite pou kolaborasyon pwofesè a, planifikasyon ak sipò pataje ant edikatè yo – fondman yon Sistèm Soutyen Plizyè Nivo (MTSS), ki egzije divès estrikti pou yon kolaborasyon efikas. Plizyè salklas nan chak nivo klas ogmante tou fleksibilite nan planifikasyon ak plasman elèv yo nan anviwònman aprantisaj ki pi byen sèvi bezwen yo.

Si pwopozisyon fizyon sa apwouve, dirijan lekòl yo ak manm BTU ki nan Shaw ak Taylor pral fòme yon Ekip Planifikasyon Enklizyon Baze nan Lekòl nan lete 2023 pou devlope yon plan tranzisyon pou elaji yon fason reflechi enklizyon nan yon Lekòl Shaw-Taylor konbine.

Espas fizik ki nouvelman disponib nan chak batiman ak divès resous finansyèl adisyonèl pral fasilite pwogramasyon nouvel ak elaji. Aktyèlman, etablisman Shaw ak Taylor yo prezante difikilte pou ofri yon gam konplè pwogramasyon ak anrichisman. Plan edikasyon Distri a prevwa divès lekòl elemantè avèk divès laboratwa atizay, mizik, syans, yon espas kreyasyon pou soutni pwogram pratik ak STEM oubyen STEAM yo, salklas lang mond lan, yon bibliyotèk oubyen sant medyatik, elatriye. Kominote lekòl konbine a pral ede detèmine kòman pou pwofite de espas ki nouvelman disponib lan ak divès resous finansyèl pou elaji pwogram akademik ak anrichisman yo.

Analiz demografik yon lekòl ki fizyone

Nenpòt kategori avèk 10 oubyen yon kantite pi piti elèv yo siprime pou pataje piblik la.

Nan plizyè domèn, kominote lekòl konbine a pral pi reprezantatif BPS pase jan lekòl yo ye endividyèlman kounye a. Tab 1 montre ke Shaw ak Taylor gen toude yon pwopòsyon elèv nwa ki pi wo (60% ak 75%, respektivman) pase popilasyon global la ki soti nan matènèl rive nan 5èm ane distri a (28%). Taylor gen yon pwopòsyon mwayèn elèv Latino ki pi ba (19%), epi Shaw gen yon pwopòsyon elèv latino ki pi wo (60%) pase mwayèn (43%) nan K-5 nan

Distri a. Yon Lekòl Shaw-Taylor konbine pwojte pou genyen yon kò elèv ki se 73% Nwa, 25% Latino, ak 2% lòt ras.

Tablo 1 Idantite rasyal ak etnik kominote lekòl ki fizyone yo.

	TAYLOR		P.A. SHAW		TAYLOR-SHAW KONBINE		K - 5		BPS	
	N	%	N	%	N	%	N	%	N	%
Azyatik							1742	7%	4101	8%
Nwa	274	75%	112	60%	386	73%	6617	28%	14328	29%
Latino Ameriken	70	19%	62	33%	132	25%	9978	43%	21436	44%
Blan							4054	17%	7051	14%
Lòt			10	5%	10	2%	1036	4%	1861	4%

Tablo 2 a montre popilasyon aprenan plizyè lang nan toude (2) lekòl yo. Anviwon yon demi nan kò elèv aktyèl Taylor a idantifye kòm yon Aprenan Anglè (ELD 1-5), akòz de yon gwo pati ki nan pwogram solid SEI kreyòl ayisyen. Sa konpare ak 31% nan Shaw ansanm ak mwayèn Distri a pou elèv depi nan matènèl rive nan 5èm ane 30%. Yon Lekòl Shaw-Taylor konbine t ap gen divès pwopòsyon elèv ELD 1-3 ane, elèv ELD 4-5 ane, ansyen EL yo, ak non-EL ki plis similè ak mwayèn nan echèl Distri a pou elèv depi nan Matènèl rive nan 5èm ane.

Tablo 2 Popilasyon aprenan multileng nan yon kominote lekòl konbine

	TAYLOR		P.A. SHAW		TAYLOR-SHAW KONBINE		K - 5		BPS	
	N	%	N	%	N	%	N	%	N	%
EL - ELD 1-3 ane aktyèl	149	41%	45	24%	194	35%	7075	30%	11200	23%
EL - ELD 4 - 5 ane aktyèl	32	9%	13	7%	45	8%	2310	10%	4252	9%
Ansyen EL	20	6%			20	4%	1237	5%	6608	14%
Non-EL	162	45%	127	68%	289	53%	12805	55%	26717	55%

Tablo 3 ak 4 montre popilasyon elèv edikasyon espesyal ki pwojte nan yon kominote lekòl fizyone. Aktyèlman, Shaw se edikasyon ki esansyèlman jeneral sèlman, pandan yo konsidere sèlman 61% elèv Taylor edikasyon jeneral (pa rapò ak 71% nan echèl Distri a pou elèv depi nan klas K-5). Taylor gen yon pwopòsyon elèv enpòtan nan pwogram SEI a (18%), pwogram SLIFE (9%), ak yon pwogram enklizyon (8%). Sou baz pwogramasyon aktyèl la, yon Lekòl Shaw-Taylor konbine pwojte pou gen anviwon 11% nan elèv li yo ki gen divès IEP, pa rapò ak 17% nan tout elèv depi nan matènèl rive nan 5èm ane. Avèk yon planifikasyon avèk prekasyon ak divès sistèm sipò solid ki anplas, konbinezon de (2) lekòl sa yo pral jete baz pou elaji paramèt edikasyon enklizif yo pou plis elèv – nan apiye sou pwogram enklizyon ki aktyèlman nan Taylor, epi jwenn avantaj nan plizyè atou nan Shaw, ki gen ladan yo enplikasyon ak patisipasyon solid fanmi yo, pou edike yon jan efikas plis timoun nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an.

Tablo 3 Afektasyon pwojte divès pwogram nan yon kominote lekòl fizyone.

	TAYLOR		P.A. SHAW		TAYLOR-SHAW KONBINE		K - 5		BPS	
	N	%	N	%	N	%	N	%	N	%
Edikasyon Jeneral	221	61%	178	95%	399	74%	16609	71%	35394	73%
SEI	66	18%			66	12%	2273	10%	4562	9%
SLIFE	33	9%			33	6%			378	1%
Doub lang									2049	4%
Enklizyon	28	8%			28	5%	1633	7%	2705	6%
Sou-Separe	15	4%			15	3%	1462	6%	3689	8%

Tablo 4 Afektasyon edikasyon espesyal nan yon kominote lekòl fizyone.

	TAYLOR		P.A. SHAW		TAYLOR-SHAW KONBINE		K - 5		BPS	
	N	%	N	%	N	%	N	%	N	%
Non IEP	304	84%	173	92%	477	89%	19410	83%	39237	80%
Resous	16	4%			16	3%	933	4%	3171	7%
Enklizyon	28	8%			28	5%	1605	7%	2659	5%
Sou-Separe	15	4%			15	3%	1479	6%	3710	8%

Deklarasyon Enterè MSBA yo

Nan dat 14 Avril, avèk apwobasyon Kominote Lekòl Boston lan ansanm ak Konsèy Vil Boston lan, Biwo BPS Planifikasyon Kapital la te soumèt de (2) Deklarasyon Enterè (SOI yo) pou Otorite Batiman Konstriksyon Lekòl Massachusetts (MSBA) pou Pwogram Debaz 2023 a. MSBA se yon ajans eta ki ofri divès sibvansyon konpetitif bay minisipalite yo pou sipòte konstriksyon ak pwojè renovasyon lekòl yo. Pwogram Debaz MSBA a abòde reparasyon, renovasyon, ajou/renovasyon ki enpòtan, ansanm ak nouvo konstriksyon lekòl. Si BPS envite nan pwogram lan, nou t ap kòmanse pwosesis desine ak konstwi yon nouvo etablisman pou Lekòl Shaw-Taylor konbine a.

Nou prevwa retande nan bouch MSBA konsènan si nou envite nan peryòd elijibilite Debaz MSBA avan fen 2023 a. Pandan peryòd 9 mwa elijibilite sa, BPS t ap konplete kèk eleman preyalab pou prepare tèt li pou antreprann pwojè majè sa. Nan fen peryòd elijibilite a nan lotòn 2024, MSBA t ap envite apre sa BPS nan faz etid fezabilite a. BPS t ap travay avèk MSBA pou rekrite divès achitèk nan fen 2024 oubyen kòmansman 2025, epi konsepsyon an t ap kòmanse nan livè oubyen nan prentan 2025. Dizay la t ap pwobableman pran de (2) an, avèk konstriksyon an ki t ap kòmanse 2027. Yon etablisman lekòl ki fini t ap pwobableman ouvri nan 2029 oubyen 2030.

Pwosesis la

BPS te pwopoze nan kòmansman fizyon sa nan Me 2022. Pandan lete a ak lotòn 2022 a, pèsònèl Biwo Santral BPS te angaje nan yon planifikasyon kolaboratif avèk dirijan lekòl Shaw ak Taylor yo ansanm ak Sirentandan Lekòl rejyonal la, Efraín Toledano, ansanm avèk reprezantan yo nan toude (2) lekòl yo. Reyinyon planifikasyon inisyal yo te konsantre sou tandans enskripsyon yo, itilizasyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la, yon angajman kominote ki pi laj ak planifikasyon bidjè a. Lè Sirentandan Skipper te kòmanse manda li a, li te deside retade pwopozisyon fizyon an pou yon lòt ane, jiska nan kòmansman Ane Lekòl 2024-25, pou otorize plis tan pou planifikasyon kolaboratif la avèk fanmi yo nan chak kominote lekòl.

Ekip Dizay

Nan Mas 2023, Biwo Planifikasyon Kapital BPS te rekonvoke yon Ekip Dizay Lekòl Shaw-Taylor kolaboratif pou gide divès efò planifikasyon ak angajman kominote. Divès manm ki te soti nan chak kominote lekòl gen ladan yo:

Divès reprezantan Shaw	Divès reprezantan Taylor
Tinu Arowosegbe, chèf etablisman	Jennifer Marks, chèf etablisman

Rina Ambrose, enfimyè lekòl	Chi Nguyen, chèf etablisman adjwen
Sabine Ferdinand, pwofesè 2èm ane	Diandrea Modea-Davis, liyezon fanmi
Matthew Connor, pwofesè K2	Kimberley Crawford, pwofesè K2
Brenda Ramsey, paran 2èm ane	Marie Wade, pwofesè SEI K2 SEI
Deb Shea, paran 3èm ane	Munique Sutton, paran 2èm ak 3èm ane
Nece Davis, paran K2	Waakila Dixon, paran 3èm ak 6èm ane
Anais Rodriguez, paran K1 ak pwofesè ranplasan	Diona Wooten Robinson, paran K2, 1ye, ak 3èm ane
Morgan Keohane, bibliyotekè lekòl	Marie Roseline Auguste, paran 5èm ane
	Tmam Brown, paran K2
	Jean Marie Wagnac, paran 4èm ane
	Marie Zephyr, paran 5èm ane

Anplis de manm kominote lekòl ki site anwo yo, Ekip Dizay la te gen ladan l yon patisipasyon regilye ki soti nan:

- Masika Gadson, Depatman Planifikasyon Kapital
- Rebecca Grainger, Konseye Adjwen Majistra pou Jenès ak Lekòl
- Donere Williams Johnson, Depatman Planifikasyon Kapital
- Jisca Phillippe, Biwo Majistra
- Velecia Saunders, Biwo Lakin Opòtinite BPS
- Delavern Stanislaus, Chèf Planifikasyon Kapital la
- Efraín Toledano, Sirentandan Lekòl rejyonal

Angajman kominote a te kòmanse nan Me 2022, men te alafwa pi laj ak pi pwofon nan dènye mwa. Reyinyon baze nan lekòl yo ak reyinyon Ekip Dizay yo gen ladan yo:

- 17 Me 2022 - Reyinyon Kominote Shaw la
- 17 Me 2022 - Reyinyon Kominote Taylor la
- 7 Novanm 2022 - Reyinyon Konsèy Sit Lekòl Shaw la
- 30 Novanm 2022 -- Reyinyon Kominote Shaw-Taylor
- 2 Fevriye 2023 - Reyinyon planifikasyon avèk chèf etablisman yo, Sirentandan Lekòl la, ak pèsònèl Biwo Santral ak biwo Majistra yo
- 13 Fevriye 2023 - Reyinyon planifikasyon avèk chèf etablisman yo, Sirentandan Lekòl la, ak Biwo Santral ak pèsònèl biwo Majistra
- 16 Fevriye 2023 - Reyinyon kominote Lekòl Taylor la

- 2 Mas 2023 - Reyinyon Ekip Dizay la
- 9 Mas 2023 - Reyinyon Ekip Dizay (Fòmasyon REPT)
- 16 Mas 2023 - Reyinyon Ekip Dizay la
- 23 Mas 2023 - Reyinyon Ekip Dizay la
- 30 Mas 2023 - Reyinyon Ekip Dizay la
- 4 Avril 2023 - Reyinyon Kominote Shaw-Taylor
- 6 Avril 2023 - Reyinyon Ekip Dizay la
- 13 Avril 2023 - Reyinyon Ekip Dizay la
- 25 avril 2023 - Reyinyon Ekip Dizay la